CIVIC ACTION TEAMS

# Nepal Coronavirus CivActs Campaign

अंक #८६

०६।१९।२०७७

Coronavirus CivActs Campaign (CCC) सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

## वैदेशिक रोजगार बोर्डके आ.व. २०७७/७८ के नीति तथा कार्यक्रममे कोभिड - १९ सँ प्रभावित कामदार लक्षित कार्यक्रम

वैदेशिक रोजगारीके क्रममे कोभिड - १९ लगाएतके समस्यासँ प्रभावित भऽ फिर्ताभेल नेपाली कामदारके वैदेशिक रोजगार कल्याणकारी कोषके आर्थिक क्षमता अनुसार प्राथमिकताके आधारमे संचालनमे आनवला सामाजिक, आर्थिक पुनर्एकीकरण कार्यक्रम

१. वैदेशिक रोजगारीसँ फिर्ता आएल कामदारसभके सीप परीक्षण बापतके शुल्क सोधभर्ना

२. वैदेशिक रोजगारसँ फिताए आएलसभके लेल नि:शुल्क सीपमुलक तालिम

३. वैदेशिक रोजगारसँ फिर्ता आएलके उद्यमशीलता तालिम

४. मनोसामाजिक परामर्श सेवा

५. वैदेशिक रोजगारसँ फिर्ता आएल कामदारसभके वित्तीय साक्षरता तालिम

६. स्थानीय तहके क्षमता अभिवृद्धि आ अनुगमन

७. वित्तीय संस्थासँ सहुलियतपूर्ण कर्जाके लेल समन्वय तथा सहजिकरण

स्रोत: https://cutt.ly/jhVg2qK

## नेपाल अपडेट



एककोइ बिमार ऊ निकभेलाके बाद पैसाके माला सँ सम्मान केलाके बाद वरिष्ठ चिकित्सक डा. शुभेषराज कायस्थक

चित्र: डा. शुभेषराज कायस्थके सामाजिक सञ्जालसँ साभार

### परिक्षण

पिसिआर परिक्षण: १,८७७,१८१

पोजेटिभ: २,५४,५१४

उपचाररत: ७,९७६

मृत्यु : १,७९५

सन्चो भएका : २,४४,७४३




Source: https://covid19.mohp.gov.np/#/

accountabilitylab NEPAL

# हल्ला र तथ्य



उद्यमीके शुरुवाती पूँजीके लेल सरकार द्व प्रतिशत व्याजदरमे कर्जा दिबके कार्यक्रम अनने छै कहादन । कते समयके लेल कतेक रकम देतै ?

नवप्रवर्तनकारी अविस्कार, उद्यम या व्यवसाय सञ्चालनके लेल छानलगेल प्रस्तावके लगानी बेसीमे ५० लाख रुपैया द्व प्रतिशत व्याजदरमे नवप्रवर्तन शुरुवाती पूँजीके रुपमे कर्जा पाओत । कर्जाके अन्तिम किस्ता बापतके रकम प्राप्त केलाके एक वर्ष भितर मूल पूँजी भुक्तानीके किस्ता बुझावके अवधी प्रारम्भ हेतै । एना पूँजीके चुकाबके किस्ता बुझावके अवधी शुरु भेल चारी वर्ष भितर कर्जा पूँजीके सम्पूर्ण किस्ता आ ब्याज समेत चुक्ता कलेब पड्त ।

स्रोत: https://cutt.ly/YhCBYQc



अखन त लक्षण देखाएल संक्रमित सेहो परीक्षण कराब छोरलक । अई सँ त जोखिम आरो बढेतै त ।

कोई कोभिड - १९ के लक्षण देखा कल्ह घरेमे रहिरहल छी त, जल्दी सँ जल्दी स्वास्थ्यकर्मीके सम्पर्कमे आब आग्रह केने छै ।
सरकार कोभिड - १९ के परीक्षण तथा ईलाज नि:शुल्क करने छै, एना परिक्षण कर कराबपरवला तथा ईलाजमे अस्पताल जायपरवला आदमीसभके सहयोग कल्देब परिवारके सदस्य, पडोसी, टोलवासी तथा स्थानीय सभके स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आग्रह केने छै ।

स्रोत: https://cutt.ly/ShVhJxj



विप्रेषण पहिल वर्ष सँ अई वर्ष बढलै कहैछै । वैदेशिक रोजगारीमे जायवलाके संख्या त बढ्ल नै छै ?

चालु आर्थिक वर्षमे अगिला वर्ष सँ रोजगारीके लेल श्रम स्वीकृत लल्क विदेश जायवलासभके संख्या ९६ प्रतिशत सँ घटल छै । चालु आर्थिक वर्षके चारी महिनामे तीन हजार ४६३ कोई मात्रे वैदेशिक रोजगारीके लेल गेल छै । जबकी, अगिला आर्थिक वर्षके ओही समयमे ई संख्या ७९ हजार ६८० कोई छलै । अहिना कल्क, साउन सँ कातिक तकके अवधीमे वैदेशिक रोजगारीके लेल फेर श्रम स्वीकृती लेबवला कामदारके संख्यामे वितल आर्थिक वर्षके ओही अवधीके तुलनामे ७८.९ प्रतिशतसँ संकुचन आएल छै । फेर श्रम स्वीकृती लेबवलाके संख्या अगिला वर्षके तुलनामे ८० हजार ८९१ सँ घटिक जम्मा १७ हजार १०८ रहल छै ।

स्रोत: https://mof.gov.np/uploads/document/file/kartik%20Bulletin_20201215094854.pdf



राष्ट्रपति जनानी उत्थान कार्यक्रम अन्तरगत केहन अवस्थाके जनानी सेवा लेब पाएत ?

अई कार्यक्रम अन्तरगत ३४ जिलाके जान जोखिममे परल गर्भवती तथा प्रसौती जनानी सेवा लेब पाओत । तेकर मतलब, लगातार लम्बा प्रश्वास सँ दर्द भल्ल बच्चा जन्माब कठिनाई भेल, गर्भवती अवस्थामे अत्यधिक शरीर फुलल, प्रसव पश्चात अत्याधिक रक्तश्राव भेल, खुनके कमी भेल आ स्थानीय स्वास्थ्य संस्थासभमे ईलाज होब नै सकल प्रसौती तथा गर्भवती जनानी कहिक बुझाईत छै ।

स्रोत: https://mowcsc.gov.np/pwup-program#

WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब

१. आहाके कन्ट्याक्ट लिस्टमे +2760806146 एड करु
२. उपरका कन्ट्याक्ट नम्बरमे Nepal लिखक म्यासेज पठाउ




COVID-19
को बारेमा बुझ्न नि:शुल्क हटलाईन
viamo द्वारा प्रस्तुत

कोभिड - १९ सम्बन्धि मंगानियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ
३२१०० मे डायल करु

accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमा रहेका नेपाली कामदार

| साउदी अरव | कुवेत | बहराईन | कतार | युएई | ओमान | मलेसिया | दक्षिण कोरिया |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ३,३४,४५१ नेपाली | ७१,१९३ नेपाली | २६,००० नेपाली | ४,०६,९१७ नेपाली | २,२४,९०५ नेपाली | १७,०५७ नेपाली | ५००,००० नेपाली | ३८,८६२ नेपाली |
| ३,६१,०१० संक्रमित | १,४७,९७९ संक्रमित | ९०,२८२ संक्रमित | १,४२,००१ संक्रमित | १,९३,५७५ संक्रमित | १,२७,६६७ संक्रमित | ९३,३०९ संक्रमित | ५०,५९१ संक्रमित |
| ५,२५० नेपाली संक्रमित | २,१५० नेपाली संक्रमित | ४५१ नेपाली संक्रमित | २७,४१२ नेपाली संक्रमित | ४,५०० नेपाली संक्रमित | ३०० नेपाली संक्रमित | ८१ नेपाली संक्रमित | २७ नेपाली संक्रमित |
| ८४ मृत्यु भएका नेपाली | १२ मृत्यु भएक नेपाली | ३ मृत्यु भएका नेपाली | १८ मृत्यु भएका नेपाली | ३९ मृत्यु भएका नेपाली | १ मृत्यु भएका नेपाली | | |



- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित नेपाली
- गन्तव्य राष्ट्रमा नेपाली जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा मृत्यु भएका नेपाली

स्रोत: https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

ShramikSanjal

## साउदी अरवमे कोभिड - १९ विरुद्धके खोपके लेल अपन नाम दर्ता कर "Sehhaty" मोबाईल एप्लिकेसन

जँ आहाँ साउदी अरवमे छी त, कोभिड - १९ विरुद्धके खोपके लेल अपन नाम दर्ता कराब सकै छी । अईके लेल आहाँ अपन मोबाईलमे वभजजबतथ नामके मोबाईल एप्लिकेसन डाउनलोड कर परत ।

Sehhaty मोबाईल एप्लिकेसन एन्ड्रोईड प्ले स्टोर आ एप्पल एप स्टोर सँ डाउनलोड कर सकैछी ।

**Sehhaty मोबाईल एप्लिकेसनसँ अपन नाम दर्ता करके तरिका :**

१. कोभिड - १९ भ्याक्सिन छानु ।

२. आहाँके अपना लेल छै कि दोसर किन्हको लेल छै से छानु । तेकरबाद नेक्स्टबटन पर दवाऊ ।

३. दोसर पृष्ठमे आहाँके अपन विस्तृत विवरण (मोवाईल नंम्बर, आहाँ रहवला क्षेत्र आ शहर) राखु ।

४. दोसर पृष्ठमे आहाँके अपन पेशाके बारेमे पुछत, तेकर जवाव राखु ।

५. तेकरबाद स्वास्थ्य सम्बन्धी किछ प्रश्नसभ पुछल जाईछै । जेकरा आहाँके Yes/No कहिक जवाव देब परत ।

६. आब नेक्स्ट बटन क्लिक कलक अपन एप्लिकेसन पुरा कर सकैछी ।

**www.facebook.com/shramik.sanjal** सँ आँहा प्रत्येक रविदिन, बुधदिन आ शुक्रदिन साँझमे युएई समय **(8:00 PM), Qatar, KSA, Kuwait (7:00 PM) Malaysia (12 Midnight)** मे हमरासभके प्रत्य देख सुन सकैत छी ।

accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## २०७७ साल श्रावण मसान्त सम्म कोभिड - १९ को सन्दर्भमा भएको जम्मा खर्च

**१३ अर्ब ३७ करोड**




## संघिय सरकारमा भएको खर्च शिर्षक

औषधी तथा स्वास्थ्य उपकरण
रु. १,७५,५२,४०,०००

क्वारेन्टाईन व्यवस्थापन
रु. ४,६९,४६,०००

स्वास्थ्य बीमा
रु. २,९३,८८,९६,०००

अन्य
रु. १,२४,७३,०००

मानव स्रोत साधन परिचालन
रु. ५,७४,४३,०००

## प्रदेश सरकारले गरेको खर्च




accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## २०७७ साल आषाढ अन्त्यतक चिङगाड गाउँपालिका, सुर्खेतके आम्दनीके श्रोत तथा खर्चके विवरण

### आम्दनीके श्रोत




गैरसरकारी संघसंस्थासँ
रु. ५,८१,०००

आरो सँ
रु. ६०,६०३

संघिय सरकारसँ
रु. २४,००,०००

प्रदेश सरकार सँ
रु. २०,००,०००

स्वयं गाउँपालिकासँ (रकमान्तर गरेर)
रु. १,००,००,०००

### खर्च




खाना तथा नास्ता (स्वयंसेवक,भान्से खर्च लगायत क्वारेन्टाईन व्यवस्थापन तथा निर्माण खर्च)
रु. ३८,५७,०००

आरो (आईसोलेशन सञ्चालन तथा व्यवस्थापन)
रु. ५,८२,०००

राहत वितरण
रु. १७,२२,५००

कपडा
रु. १४,४४,०००

दवाई
रु. २८,८१,०००

चिङगाड गाउँपालिका, सुर्खेतसँ कोभिड - १९ मे २०७७ साल आषाढ अन्त्यतक केने आम्दनीके श्रोत आ खर्चके विवरण सार्वजनिक केने छै । प्राय: पालिकासभ कोभिड - १९ मे भेल खर्च आ आम्दनीके श्रोत सार्वजनिक नै करहल छै । एहि बीच, चिङगाड गाउँपालिकासँ अई बातके सार्वजनिक केनाई अपनेमे बढिया शुरुवात छै । खर्चके विवरण विस्तृत नै भेला सँ खर्चके विश्लेषण केनाई लेकिन कठिन छै । कोभिड - १९ के सम्बन्धमे राहत वितरणमे आरो पालिकामे भेल खर्चके तुलनाम चिङगाड गाउँपालिकामे लेकिन तेहन अधिक खर्च भेल नै देखाईत छै । क्वारेन्टाईन सञ्चालन तथा व्यवस्थापन आ दवाईमे कएलगेल बड्का खर्चके सकारात्मक मानल जालसकैत छै । कुल आम्दनी १ करोड ५० लाख मे सँ करिब १ करोड खर्च भचुकल देखाईत छै । बाँकी रकम प्रभावकारी रुप सँ खर्च कएल जासकैत छै कहिक पालिकाके अध्ययन केनाई जरुरी छै ।

नोट: हाम्रो उद्देश्य सरकारले गरेको राम्रो काम र छुट्याएको बजेटको बारेमा सबैलाई जानकारी होस र सो पश्चात यस विषयमा नागरिक र अन्य सरोकारवालाको बिचमा छलफल भई सरकारलाई प्रयाप्त पृठपोषण प्राप्त होस् भन्ने हो । यहाँ प्रस्तुत विवरण पूर्ण हैन । उपलब्ध माध्यमबाट संग्रह गरी राखिएको हो । थप सही तथ्यांक संकलन गरी परिमार्जन गर्दै जानेछौं । यसमा सबैले सहयोग गरिदिनुहुन अनुरोध गर्दछौं ।

accountabilitylab NEPAL

# फ्रन्टलाईनर्स भोईसेस



## राहुल कुमार साह

स्वास्थ्यकर्मी, जलेश्वर नगरपालिका, महोत्तरी

"कोभिड - १९ सँ बच नेपाल भारत सीमाना बन्द केलाके बाद जलेश्वर नगरपालिका कार्यालयके स्वास्थ्य शाखाके निर्देशनमे हमरा सीमाना स्थित मलिवारामे कोभिड हेल्प डेस्कमे खटाएल गेल । ओत हम भारत सँ आबवला नेपाली तथा भारत तरफ जायवलासभके बोखार नापके काम केलौ । तेकरबाद हमरा क्वारेन्टाईनमे खट् परल । घरमे जानकारी करेलापर माँबाबु जी कामपर जाय सँ रोकलैथ । लेकिन, हम निरन्तर काममे जाईत रहलौ । क्वारेन्टाईनके ड्युटी खतम भेलाके बाद घर गेलापर पडोसीसभ नजिक आब सँ डराईत छल । हम संक्रमित नै छि कहलोपर ऊसभ विश्वास नै करैछल । नियमित हाथ साफ केनाई, मास्क प्रयोग केनाई आ दूरी कायम करलाके कारण हमरा अखनतक संक्रमण नै भेल अछि ।"

## ननु कुमारी दास

उपाध्यक्ष, पिपरा गाउँपालिका, महोत्तरी

"वितल वर्ष भेल उप-निर्वाचनमे गाउँपालिका अध्यक्ष चुनेलैथ । नयाँ अध्यक्ष एलाके तीन महिनेमे कोरोना कहर शुरु भेलै । हम उप-निर्वाचन सँ पहिले पाँच महिना तक अध्यक्षके रुपमे गाँउपालिकाके काम केलाके कारण, कोभिडके समयमे अध्यक्षके काममे बहुते सहयोग केलौ । विशेष कलक क्वारेन्टाईनमे रहल व्यक्तिके शिकायत सम्बोधन कर आ अनुगमन कर हम प्रभावित ओत पहुच जाईछलौ । अखन लेकिन गाउँपालिकामे स्वास्थ्य क्षेत्रके प्राथमिकतामे राखिक बजेट छु ाउन निरन्तर दबाब दऽरहल छी ।"





## रामशंकर मिश्र

प्रमुख, जलेश्वर नगरपालिका, महोत्तरी

"कोभिडक सम्बन्धी राहत कोषके रकम वडा अध्यक्षसभके जिम्मामे लागाक हुनकासभके स्वतन्त्ररुप सँ काम करके जिम्मेवारी देलौ । खर्चके अनुगमन कर हमसभ विपक्षी पार्टीके वडा अध्यक्षसभ सम्मिलित टोली बनेने छलौ । कोभिडके समयमे राहत नै पेने आदमीसभके शिकायत लऽक आएल बेरमे हमसभ तत्काल राहत उपलब्ध करेलौ । जलेश्वर अस्पताल संगे समन्वय करके संगे हरेक कर्मचारके स्वाव परिक्षण करेलौ । जनताके बीचमे काम कर परलाके कारणे बहुतोरास कर्मचारीसभ संक्रमित सेहो भेल छलै । जै सँ सेवा प्रवाह प्रभावित भेल छलै । लेकिन, पिछला समयमे सचेत आ सामाजिक दूरी अपनाक काम केलासँ जोखिम कम भेल छै ।"

# २०० सँ बेसी कोभिड - १९ के सकृय संक्रमित रहल जिलासभ




उपरके रेखाचित्रमे २०० सँ बेसी कोभिड - १९ के सकृय संक्रमित रहल जिलासभके देखाएल गेल छै । अखन नेपालके ६ टा जिलासभमे २०० बेसी सकृय संक्रमितसभ रहल छै । तै मे सँ तीनटा काठमाण्डौ उपत्यकाके जिलासभ रहल छै । जम्मा सकृय संक्रमित मे सँ ई ६ टा जिलामे रहल संकृय संक्रमितके संख्या समग्रमे ७० प्रतिशत रहल छै । ई आंकडा ओई जिलासभमे समुदायमे संक्रमण फैलके उच्च जोखिम छै । ओई जिलासभमे संत्रमण घटाब सरकारके बेसी संख्यामे परिक्षण आ आईशोलसनमे राखके योजना बनेनाई जरुरी छै ।

स्रोत: HEOC, MoHP, SitRep

**DISCLAIMER**

अई अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतोरास संस्था तथा व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेबसाईट, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स आ सिभिक एक्सन टिम विगत एक सप्ताहमे बहुतो आदमीसभसंगेके प्रत्यक्ष तथा अप्रत्यक्ष संवादसँ संकलन कएलगेल छै । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दळक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ छनौट कएलगेल छै । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मिति तक सत्य छै ।



**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

@CivicActionTeams @civacts @CivActs